

# Kondisyon Jeneral Yo

## DOKIMAN SA A PA YON KONTRA EPI LI PA KREYE YON OBLIGASYON LEGAL.

### Enfòmasyon sou Ajans Travay la

Non Ajans Travay la:

Nimewo Lisans DCWP:

Non Anplwaye Ajans lan oswa Vandè a:

Nimewo Telefòn:

Adrès:

Adrès Imèl, si li disponib:

### Deskripsyon Travay ak Frè yo

Kalite sèvis ki dwe fèt la:

Pousantaj salè oswa konpansasyon ki prevwa:

Kantite èdtan travay ki prevwa pou chak jou:

Kantite jou travay ki prevwa pou chak semèn:

Peryòd ki prevwa pou travay:

- Tanporè  
 Pèmanan

**Frè pou Plasman nan Travay** (*Gade Seksyon 185 ak 186 yo ki tache la a pou jwenn frè maksimòm Ajans lan ka fè peye dapre lalwa.*)

- Tcheke la a si se patwon an ki pral peye frè a.  
 Frè Fiks pou Plasman Montan Total: \$ \_\_\_\_\_  
 Pousantaj nan Salè: \_\_\_\_\_% nan \_\_\_\_\_ Mwa oswa Semèn (*ansèkle youn*)

### Kalandriye Peman Frè

Frè a dwe peye:

- ak dis vèsman pa tranch menm montan chak semèn, epi li dwe peye nan fen chak dis premye semèn yo  
 ak senk vèsman pa tranch menm montan, epi li dwe peye nan fen chak senk premye peryòd peman yo  
 lòt: \_\_\_\_\_

### Rezime Ekspresyon ak Kondisyon Enpòtan yo

**Resi yo:** Ajans lan pral ba ou yon resi alekri apa pou chak depo frè, oswa kantite lajan li pran.

**Montan Frè yo:** Ajans lan pa kapab aksepte yon depo ni fè ou peye yon frè avan patwon an peye ou.

**Travay Lejitim:** Ajans lan pral voye ba ou sèlman òf travay aktyèl, lejitim li jwenn nan men patwon an, sof si yo di ou yon lòt bagay avan yo refere ou.

**Orè Travay yo:** Anvan plasman an, ajans lan ap ba ou èdtan ou dwe travay pa semèn yo.

**Kondisyon Travay yo:** Anvan plasman an, ajans lan ka ba ou enfòmasyon konsènan (1) si yo pral peye ou pa semèn, chak de (2) semèn, oswa chak mwa; ak (2) si gen ladan nenpòt risk pou sante ak/oswa sekirite ak ki mezi ki ka pran pou anpeche oswa pou kontwòle risk sa yo.

**YON AJANS TRAVAY PA KA CHAJE OUMENM, KI SE KANDIDA POU TRAVAY LA, YON FRÈ AVAN LI REFERE OU NAN YON TRAVAY OU AKSEPTE. SI OU PEYE YON FRÈ AVAN OU AKSEPTE YON TRAVAY OSWA OU PEYE YON FRÈ KI VYOLE LALWA NAN Lòt FASON, OU KA MANDE YON RANBOUSMAN, KI DWE FÈT NAN SÈT (7) JOU OPLITA. SI OU VLE POTE PLENT OSWA OU BEZWEN PLIS ENFÒMASYON, RELE NAN 3-1-1.**